

# Biwo Sèvis Sipò Timoun Vil New York (New York City Office Child Support Services, OCSS)

Lè ou gen yon dosye nan Biwo Sèvis Sipò Timoun (OCSS), sa kreye yon achiv tout peman sipò timoun yo epi sa bay paran yo yon entèmedyè san fòs kote. Gen anpil avantaj pou ouvè yon dosye sipò timoun, menm si ou deja gen yon dekrè divòs oswa yon lòt tip antant andeyò pwogram sipò timoun nan.

## Avantaj

## Avèk Lyen Parante a ki fin Etabli :

Lyen parante legal



Peman sipò timoun



Relasyon paran-pitit



Asirans sante



Entèmedyè san fòs kote



Fon Pansyon



Alokasyon militè



## Sèvis

Tou paran, gadyen ak moun k ap okipe timoun kalifye pou sèvis sipò timoun kèlkeswa revni yo oswa estati imigrasyon yo. Estaf OCSS a ap aji nan enterè jeneral e yo pa reprezante okenn nan bò yo nan yon dosye sipò timoun. Pati yo pa oblije pran avoka. Anrezime, OCSS ofri sèvis sa yo:



Lokalize paran ki pa gen lagad timoun yo



Remèt manda



Etabli lyen parante legal



Rekòmandasyon pou tès jenetik



Rekòmandasyon pou tribinal oswa antant ki defini pou etabli epi modifiye òdonans pou sipò timoun yo.



Kolekte epi distribiye òdonans pou sipò timoun yo



Egzekite òdonans pou sipò timoun yo.



Jesyon dèt sou sipò timoun & Rekòmandasyon pou sèvis medyasyon



Rekòmandasyon pou sèvis k ap ede jwenn travay

## Pwosesis dosye a

**1**

### Enskri pou Sèvis Sipò Timoun

Jwenn aksè nan a [aplikasyon anliy](#) lan nan [nyc.gov/hra/ocss](https://nyc.gov/hra/ocss). Si ou se yon paran ki gen lagad timoun k ap aplike pou oswa k ap resevwa assistans lajan kach, ou oblije gen sipò timoun e n ap rekòmande w otomatikman pou sèvis yo.

**2**

### Jwenn yon antant pou sipò timoun oswa pran yon òdonans nan tribinal

Depi lyen parante a fin etabli, paran yo ka travay ak estaf Sèvis Kliyan OCSS a pou jwenn yon antant pou sipò timoun lè yo aplike direktiv estanda pou sipò timoun yo. Antant lan ap depoze nan tribinal anvan odyans lan. Oubyen, pati yo ka swiv pwosesis tradisyonèl la pou ale sèlman nan tribinal, sa ki pran plis tan.

**3**

### Òdonans pou sipò timoun nan anplas epi peman yo rive epi dekese. Nenpòt nan pati yo ka mande yon chanjman nan òdonans lan.

Depi òdonans lan fin etabli, nou siveye montan obligasyon an, epi pwogram nou an itilize mezi ki obligatwa nan nivo Federal pou asire ke peman yo fèt. Si gen yon chanjman sikonstans, paran yo ka rankontre ak estaf Sèvis Kliyan an pou ajiste òdonans lan epi finalize l nan tribinal oswa swiv pwosesis tradisyonèl tribinal la pou modifiye òdonans lan.

